2025-jıl — Qorshaǵan ortalıqtı qorǵaw hám «jasıl» ekonomika jılı

# QARAQALPAQ UNIVERSITETI

Aqılı kámil, ilimi zor,
Bilimli yel bolmaydı qor!
Berdaq

№1 (561) Yanvar, 2025-JIL WWW.KARSU.UZ

Gazeta 1976-jıldan baslap shıǵa basladı. Joqarı oqıw ornı gazetası

QMU PRESS

## UNIVERSITET KEŃESINIŃ GEZEKTEGI MÁJILISI



***Berdaq atındaǵı Qaraqalpaq mámleketlik universitetinde universitet keńesiniń gezektegi májilisi bolıp ótti. Bul májiliste universitet rektorı basshılıǵında prorektorlar, bólim baslıqları, fakultet dekanları, kafedra baslıqları hám ilimiy keńes aǵzaları qatnastı. Májilisti universitet rektorı A.Reymov basqarıp bardı.***

***Dáslep ilimiy keńes aldınan universitet rektorı A.Reymov 2024-jıldıń juwmaǵı boyınsha Turkiyanıń Stambul qalasında Ózbekstanlı belsendi hayal-qızlarına tapsırılǵan "Jıl hayalı-2024" sıylıǵı iyesi, universitet hayal-qızlar máseleleri boyınsha rektor másláhátshisi Injayım Seytnazarovanı universitet jámááti atınan qutlıqlap, estelik sawǵaların tapsırdı.***

Bunnan soń, májiliste universitettiń vokant professor-oqıtıwshıları lawazımlarına tańlaw isleri boyınsha universitet keńesi xatkeri J.Biyimbetovtıń málimlemesi tıńlandı. Májiliste kún tártibine muwapıq fakultetler hám kafedralardıń 2024-jılǵı jumıs rejeleriniń orınlanıwı jáne de ámelge asırılǵan jumıslar dodalandı. Sonday-aq, 2025-jılı ámelge asırılıwı kerek bolǵan ilajlar rejeleri kórip shıǵıldı.

Májiliste universitet rektorı A.Reymov sózge shıǵıp, bilimlendiriw sapasın bunnan bılay da jetilistiriw, ilimiy-izertlew jumısları-nıń nátiyjeliligin kúsheytiw, jaslardı tárbiyalaw máselelerine ayrıqsha itibar qaratıw kerek ekenligin aytıp ótti. Sonıń menen birge, universitet prorektorları fakultet dekanları hám kafedra baslıqlarına keleshekte orınlanıwı kerek bolǵan bir qatar wazıypalardı tapsırıp, 2025-jılı aldaǵı rejelerdi ámelge asırıwda barlıq xızmetkerlerdi birgelikte islesiwge shaqırdı. Sonday-aq, kún tártibinde 2024-jıl 27-dekabr kúni Ádillik ministrliginen dizimnen ótken "Joqarı bilimlendiriw mákemeleriniń basqarıw, texnik, xızmet kórsetiwshi hám oqıw - járdemshi xızmetkerleriniń úlgi shtatların tastıyıqlaw haqqında"ǵı qararına ózgerisler kirgizilgeni múnásibeti menen universitet shtatlar kestesin tastıyıqlaw boyınsha universitettiń Qarjı hám jobalastırıw bólimi baslıǵı S.Utewlievanıń málimlemesi tıńlandı.

Májilis dawamında Korrupciyaǵa qarsı gúresiw "Komplaens qadaǵalaw" bólimi jumısların ele de jetilistiriw boyınsha máseleler kórip shıǵılıp, kún tártibindegi máseleler boyınsha tiyisli qararlar qabıl etildi.

## STUDENTLER TURAQ JAYÍ PAYDALANÍWǴA TAPSÍRÍLDÍ




Berdaq atındaǵı Qaraqalpaq mámleketlik universitetinde jańadan zamanagóy tiptegi 400 orınlıq studentler turaq jayınıń paydalanıwǵa tapsırılıwına arnalǵan saltanatlı ilaj bolıp ótti. Onda Qaraqalpaqstan Respublikası Joqarǵı Keńesi komiteti baslıǵı M.Atamuratov, Joqarı bilimlendiriw, ilim hám innovaciyalar ministriniń orınbasarı S.Buzrukxonov, Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Keńesi baslıǵınıń orınbasarı B.Ótemuratov, universitet jámááti, nuranıylar, professor-oqıtıwshılar, student-jaslar hám ǵalaba xabar quralları wákilleri qatnastı.

Dáslep ilaj aldınan Qaraqalpaqstan Respublikası Joqarǵı Keńesi komiteti baslıǵı M.Atamuratov shıǵıp sóylep, Prezidentimiz basshılıǵında jas áwladtıń bilim alıwı, sociallıq qorǵawı, olardıń keleshekte kámil insan bolıp jetilisiwi ushın barlıq sharayatlar jaratılıp atırǵanlıǵı, ásirese, bilimlendiriw tarawına qaratılıp atırǵan itibar, sonıń ishinde studentlerdi jataqxana menen támiyinlew máselesine ayrıqsha itibar qaratılıp atırǵanlıǵın aytıp, bársheni jańa imarattıń ashılıw saltanatı menen qızǵın qutlıqladı. Sonday-aq, ilajda Joqarı bilimlendiriw, ilim hám innovaciyalar ministriniń orınbasarı S.Buzrukxonov sózge shıǵıp, bul iri joybardıń áhmiyetine toqtalıp ótti. Ol óz sózinde jańa studentler turaq jayı zamanagóy arxitekturalıq standartlar tiykarında qurılǵanlıǵın, onda studentler ushın barlıq qolaylıqlar jaratılǵanlıǵın aytıp, bársheni



jańa studentler turaq jayınıń ashılıwı menen qızǵın qutlıqladı.

Bunnan soń, "ELLIKQALA MAXSUS QURILISH" JShJ nıń direktorı G.Satimov tárepinen jańadan boy tiklegen studentler turaq jayınıń gilti Qaraqalpaq mámleketlik universiteti rektorı A.Reymovqa saltanatlı túrde tapsırıldı. Ilaj dawamında kelgen miymanlar studentler turaq jayınıń sharayatları menen tanısıp, ol jerdegi student - jaslar menen bir dasturqan átirapında sáwbetlesti. Haqıyqatında da bul mámleketimizde jaslarǵa jaratılıp atırǵan qolaylı sharayatlar, bilimlendiriw sistemasın bunnan bılay da jetilistiriw hám studentlerdiń turmıs sapasın jaqsılaw baǵdarında alıp barılıp atırǵan keń kólemli reformalardıń jáne bir ayqın mısalı bolıp tabıladı.

Sonı da ayrıqsha aytıp ótiw kerek, 2025-jılı studentler turaq jayı menen támiyinlew maqsetinde Qaraqalpaq mámleketlik universitetinde mámleketlik jeke menshik sheriklik tiykarında jáne 400 orınǵa mólsherlengen bir studentler turaq jayı imaratı paydalanıwǵa tapsırıladı. Bul óz gezeginde studentlerdi jataqxana menen qamtıp alıw dárejesin 50% ke shekem arttıradı. Studentler turaq jayında student jaslarımızdıń sabaqtan bos waqıtların mazmunlı ótkeriwi, dem alıwı, qosımsha dógereklerge qatnasıwı, bilim alıwı ushın barlıq sharayatlar jaratılǵan. Prezidentimiz tárepinen alǵa súrilgen 5 baslamanı studentlerimiz arasında ǵalaba en jaydırıw maqsetinde zamanagóy málimleme texnologiyaları, kompyuter xanaları, málimleme resurs orayı, kórkem ónerge qızıǵıwshı jaslar ushın barlıq qolaylıqlarǵa iye dógerekler, sonıń menen birge awqatlanıw, juwınıw, internet tarmaǵınan paydalanıw, gazeta jurnalların oqıw, televizor tamasha etiw ushın barlıq sharayatlar jaratılǵan.

## JARATÍLǴAN SHARAYATLARDÍ KÓZDEN ÓTKERDI

Berdaq atındaǵı Qaraqalpaq mámleketlik universiteti rektorı, akademik A.Reymov universitettiń Málimleme resurs orayında bolıp, ol jerde oqıw dáwirinde hám qısqı imtixanlar aldınan studentlerge kitap oqıw ushın jaratılǵan sharayatlar, oqıw ádebiyatları hám sırt el ádebiyatları menen támiyinlengenlik jaǵdayların kózden ótkerdi. Onda universitettiń barlıq prorektorları qatnastı.

Dáslep rektor A.Reymov oraydıń oqıw zalları, elektron kitapxana, oqıw ádebiyatları fondı hám sırt el ádebiyatları fondı iskerligi menen tanıstı. Ol jerde studentlerge jaratılǵan qolaylıqlar, sonıń ishinde, zamanagóy texnologiyalardıń islew procesi, joqarı tezliktegi internet hám interaktiv xızmetler haqqında Málimleme resurs orayı direktorı R.Qalmurzaeva tárepinen tolıq maǵlıwmat berildi. Sonday-aq, rektor oqıw resurslarınan nátiyjeli paydalanıw boyınsha usınıslar berdi.

Sonıń menen birge, rektor A.Reymov hám prorektorlar Málimleme resurs orayı xızmetkerleri menen ushırasıp, olardıń jumısı, studentler ushın jaratılǵan imkaniyatlardı keńeytiw boyınsha alıp barılıp atırǵan jumıslar hám keleshektegi rejeler haqqında sáwbetlesti. Atap aytqanda, sırt el ádebiyatı fondın bunnan bılay da bayıtıw, elektron resurslardan paydalanıwdı keńeytiw hám studentler arasında kitapqumarlıq mádeniyatın arttırıw boyınsha da óz ara pikirlesti.

Rektor óziniń shıǵıp sóylegen sózinde qısqı imtixanlar dáwirinde studentlerdiń bilim dárejesin arttırıwda kitap hám oqıw resurslarınıń áhmiyetin ayrıqsha atap ótti. Ol studentlerge jaratılǵan bunday sharayatlardan nátiyjeli paydalanıwǵa shaqırıp, universitet basshılıǵı tárepinen bul baǵdarda hár tárepleme járdem beriletuǵının atap ótti.

Ilaj sońında rektor Málimleme resurs orayı xızmetkerleriniń pikir-usınısların tıńlap, olardıń talaplarına sáykes túrde oraydıń jumısın bunnan bılay da jetilistiriw boyınsha prorektorlarǵa zárúr tapsırmalar berdi.

## JÍL JUWMAQLARÍ BOYÍNSHA ESABAT

Qurılıs, sanaat texnologiyası, sonday-aq, geografiya hám tábiyǵıy resurslar fakultetleri professor - oqıtıwshılarınıń 2024-jıldıń juwmaǵı hám jańa 2025-jılǵa mólsherlengen rejeleri boyınsha esabatları tıńlandı.

Dáslep qurılıs fakulteti dekanı T.Uzaqov, sanaat texnologiyası fakulteti dekanı R.Qurbaniyazovlar bunnan soń, geografiya hám tábiyǵıy resurslar fakulteti dekanı N.Embergenovlar fakultetler tárepinen ótken jılı ámelge asırılǵan jumıslar, erisilgen nátiyjeler haqqında tolıq málimleme berdi.

Májiliste universitettiń oqıw isleri boyınsha prorektor O.Duysenbaev qatnasıp, ótken jıl ushın belgilengen rejelerdiń orınlanıwı jáne de ilimiy-izertlew jumıslar, xalıqaralıq birge islesiw hám studentlerdiń ámeliy kónlikpelerin rawajlandırıw baǵdarında ámelge asırılǵan ilajlardı sınǵa aldı.

Ótken jılǵa mólsherlengen rejelerdiń ayırım bólimleri tolıq ámelge asırılmaǵanı hám bul processlerde júzege kelgen kemshilikler, atap aytqanda, ilimiy-izertlew jumıslarınıń nátiyjeliligin arttırıw, xalıqaralıq birge islesiwdi jáne de keńeytiw hám studentlerdiń teoriyalıq bilimlerin ámeliyat penen integraciyalaw boyınsha ámelge asırılǵan jumıslar dodalandı.

Májilis dawamında bar mashqalalardı saplastırıw boyınsha tiyisli ilajlar rejesin islep shıǵıw zárúrligin, sonday-aq, keleshekte bilimlendiriwdiń sapasın arttırıw, ilimiy joybarlar sanın kóbeytiw hám studentlerdiń bilimin bunnan bılay da bekkemlew boyınsha hár bir fakultetke anıq wazıypalar belgilep berildi.

Májilis juwmaǵında rejelestirilgen wazıypalardı óz waqtında sapalı ámelge asırıw, bar kemshiliklerdi saplastırıw ushın professor-oqıtıwshılar fakultet jámáátiniń juwapkershiligin arttırıw áhmiyetli ekenligi ayrıqsha atap ótildi.

*Ekologiya hám biz*

## TÁBIYIY ORTALÍQTÍ ASÍRAP-ABAYLAW

Hár jılı 11-yanvar sánesi «Xalıqaralıq qorıqxanalar hám milliy baǵlar kúni» sıpatında belgilenip kelinedi. Bul sáne 1997-jılda jabayı haywanatlardı qorǵaw orayı hám dúnya júzilik jabayı tábiyat fondı usınısı menen qorǵalatuǵın tábiyiy aymaqlar sistemasın rawajlandırıw, tábiyiy ortalıqtı asırap-abaylaw, haywanat hám ósimlikler dúnyasınıń kóplegen túrleri, sonıń ishinde joq bolıp baratırǵan túrlerdi qorǵaw hám qayta tiklew máselelerine keń jámiyetshiliktiń itibarın qaratıw maqsetinde belgilenedi.

Usı sáne múnásibeti menen biologiya fakultetinde ilimiy seminar shólkemlestirildi. Ilimiy seminarǵa «Sudoche-Aqpetki» buyırtpa qorıqxanası, «Tómengi Ámiwdárya mámleketlik biosfera rezervatı», «Aralboyı milliy tábiyat baǵı» «Saygachiy» kompleks landshaft buyırtpa qorıqxanası qánigeleri hám de biologiya fakultetiniń professor oqıtıwshıları, doktorantlar, magistrantlar hám student - jaslar qatnastı.

Seminar dawamında qánigeler, professor-oqıtıwshılar óz bayanatları menen qatnasıp, kúnniń áhmiyeti, búgingi kúnde bul tarawda alıp barılıp atırǵan jumıslar, Qaraqalpaqstan sharayatında biologiyalıq kóp-túrlilik jaǵdayı, ilimiy izzertlew jumısların alıp barıw ushın jaratılǵan shárt-sharayatlar, tarawdaǵı ózine tán kemshilikler, báhárgi hám gúzgi sanaq dáwirindegi esap-sanaqlar haqqında qızıqlı maǵlıwmatlardı aytıp ótti. Seminar sońında qatnasıwshılar ózlerin qızıqtırǵan sorawlarına juwaplar aldı.

**Aygerim Naǵashıbaeva,**
**biologiya fakulteti ekologiya hám topıraqtanıw kafedrası assistenti.**

*14-Yanvar — Watan qorǵawshılar kúni*

## TÍNÍSHLÍǴÍŃ USHÍN JANÍM PIDÁ – MUQADDES WATAN!

Watan qorǵawshıları kúni bayramı hám Ózbekstan Respublikası Qurallı Kúshleri shólkemlestirilgenliginiń 33 jıllıǵı múnásibeti menen dene mádeniyatı fakultetinde «Tınıshlıǵıń ushın janım pidá – muqaddes Watan!» atamasında ushırasıw ótkerildi. Ushırasıwǵa dene mádeniyatı fakultetiniń jaslar menen islesiw boyınsha dekan orınbasarı, áskeriy xızmetkerler, tyutorlar hám studentler qatnastı.

Ushırasıwda bayanatshılar házirgi jer júzindegi globallasıw procesi, alıs hám jaqın mámleketlerde geosiyasiy háreketler júz berip atırǵan bir payıtta elimiz jasların milliy qádiriyatlarımızǵa sadıqlıq ruwxında tárbiyalaw, jaslarımızǵa tınıshlıqtıń mazmunı hám áhmiyeti haqqında úgit - násiyatlaw jumısların alıp barıw búgingi kúnniń áhmiyetli wazıypası ekenligin aytıp ótti.

Sonıń menen birge, respublikamızdaǵı áskeriy baǵdar boyınsha ámelge asırılıp atırǵan keń kólemli reformalar, Ózbekstan Respublikası Qurallı kúshleriniń házirgi kúndegi áskeriy jaǵdayı, áskeriy tarawdıń qural-jaraqlar menen támiyinleniwi boyınsha shıǵarılǵan qararlar, jaslardıń watan aldındaǵı ádiwli wazıypası ekenligin ayrıqsha atap ótti.

**R.Óteniyazov,**
**dene mádeniyatı fakultetiniń jaslar menen islesiw boyınsha dekan orınbasarı.**

## JAŃA ÓZBEKSTAN ARMIYASÍ-MÁMLEKET TAYANÍSHÍ

Ózbekstan Respublikası Qurallı Kúshleri shólkemlestirilgenliginiń 33 jıllıǵı múnásibeti menen qaraqalpaq filologiyası hám jurnalistika fakultetinde «Jańa Ózbekstan armiyası-mámleket tayanıshı, xalqımız maqtanıshı!» atamasında fakultet tuytorları hám student-jaslar menen birgelikte ushırasıw keshesi bolıp ótti.

Ushırasıwda Arqa – Batıs áskeriy okrugi komandir orınbasarı kapitan A.Ǵaybullaev, aǵa leytenant A.Sarkarov hám bir qatar áskerler miymanda boldı. Ushırasıwdan maqset jaslardıń Watanǵa degen súyispenshiligin arttırıw, Ózbekstan Respublikası Qurallı kúshleriniń tariyxı, áskeriy jaqtan imkaniyatları hám jetiskenlikleri haqqında student-jaslarǵa maǵlıwmat beriw bolıp tabıladı.

Jaslarımızdıń minnetli wazıypası Watandı tek ǵana qolına qural alıp qorǵaw emes, al óziniń bilimi, sawatı hám ustazlardıń bergen tárbiyasın ámelde durıs qollanıp elimiz bayraǵın kóklerge kóteriwiniń ózi de Watan aldındaǵı wazıypası ekenligin túsindiriw. Ilajdı fakultet jaslar menen birge islesiw boyınsha dekan orınbasarı Z.Jumanov ashıp berdi hám basqarıp bardı. Sonnan soń taraw qánigeleri ózleriniń bayanatları menen qatnasıp, óz pikir usınısların jaslar menen birgelikte bólisti. Bunnan soń, student - jaslar ózleriniń qızıqtırǵan sorawlarına juwaplar aldı.

**M.Reymov**
**qaraqalpaq filologiyası hám jurnalistika fakulteti tyutorı.**

## Túrkmen tilinde basılıp shıqtı

Ájiniyaz shayırdıń 200 jıllıǵı múnásibeti menen shıǵarmaları túrkmen tiline awdarmalanıp, kitap halında basılıp shıqtı.



Onda shayırdıń 70 ten aslam qosıq hám poemaları orın alǵan. Kitap Berdaq atındaǵı Qaraqalpaq mámleketlik universitetiniń túrkmen tili hám ádebiyatı kafedrası assistenti S.Avezqilicheva tárepinen awdarma islengen. «Ebedi şygyrlar» atamasındaǵı bul kitaptıń tayarlanıwında Qaraqalpaqstan túrkmen milliy - mádeniy orayı qáwenderlik etip, 100 nusqa baspadan shıqtı.

S.Avezklıcheva Davletmammet Azadı atındaǵı túrkmen milliy jáhán tilleri universitetin pitkergen. Ol bunnan basqa «Túrkiy xalıqlar ádebiyatı», «Sóylew mádeniyatı» sıyaqlı metodikalıq oqıw - qollanbalarınıń hám túrkmen folklorına, klassik ádebiyatına jáne dástanlarǵa arnalǵan birneshe maqalalardıń avtorı.

Mahmudxoja Behbudiydiń tuwılǵan kúniniń 150 jıllıǵı

# TÚRKSTAN JADID HÁREKETINIŃ TIYKARÍN SALÍWSHÍSÍ



***XIX ásirdiń aqırı XX ásirdiń baslarında Túrkstanda payda bolǵan jádidlik háreketiniń tiykarǵı maqseti jámiyettiń rawajlanıwı ushın kerek bolǵan barlıq tarawlarda jańa ideyalardı engiziw edi. Búgingi kúnde Ózbekstanda erkin puqaralıq jámiyet, huqıqıy demokratiyalıq mámleketti bekkemlewde jádidlerdiń gumanistlik aǵartıwshılıq ideyaları - pikirleri, ruwxıy kúsh-quwat dáregi retinde ayrıqsha itibar qaratılıp atır.***

***Túrkstan úlkesi XIX ásirdiń aqırı – XX ásirdiń baslarında koloniyalıq siyasat aqıbetinde siyasiy, mádeniy hám ekonomikalıq qısımǵa ushıradı. Úlkeniń aldıńǵı zıyalıları patsha Rossiyası qısımınan qutılıw, milletti oyatıw, tek ekonomikalıq emes, al, mádeniy rawajlanıwǵa jol ashıw, xalıqqa bilim tarqatıw maqsetinde aǵartıwshılıq háreketke tiykar salındı.***

Bul háreketler nátiyjesinde Túrkstanda jańa oyanıw dáwiri baslandı. Jádidlerdiń sociallıq, ekonomikalıq hám mádeniy turmısın jańalaw, jámiyette reformalar ótkiziwge qaratılǵan baǵdarlaması tiykarınan tómendegi baǵdarlardan ibarat edi:

– jańa dúnyalıq xalıq aǵartıwshılıq tarmaǵı hám joqarı bilimdi qáliplestiriw;

– milliy baspasózdi jaratıw – gazeta hám jurnallardı basıp shıǵarıw;

– túrli aǵartıwshılıq hám qayırqomlıq jámiyetlerin dúziw;

– milliy teatr ónerin rawajlandırıw;

– talantlı jaslardı shet mámleketlerge oqıwǵa jiberiw.

Aǵartıwshılardıń millet keleshegi jolındaǵı bul háreketleri patsha Rossiyası húkimeti tárepinen qattı qısımǵa alındı.

Watanımız tariyxında oǵada qıyın hám sınaqlı dáwir bolǵan XX ásir basında júzege kelgen Túrkstan jádidshilik háreketiniń tiykarın salıwshısı Mahmudxoja Behbudiy bolıp esaplanadı. Ol milliy azatlıq háreketiniń ullı ǵayratkeri sıpatında ilim, tálim-tárbiya, ádebiyat hám kórkem óner, baspasóz tarawların rawajlandırıw, dúnyadaǵı aldıńǵı rawajlanıw jetiskenliklerin ózlestiriw arqalı xalqımızdıń sanasın arttırıw hám azatlıqqa erisiw jolında óz ómirin baǵıshlaǵan pidayı insan bolıp esaplanadı.

Mahmudxoja Behbudiy 1875-jılı 19-yanvarda Samarqand janındaǵı Baxshitepa awılında muftiy shańaraǵında tuwıldı. Ákesi Behbudxoja Salixxoja ulı Túrkstanlı, Axmed Yassawiydiń áwladlarınan, ana tárepinen babası Niyazxoja Úrgenshli bolıp, ámir Shaxmurat zamanında (1780-1785-jıllar) Samarqandqa kelip qalǵan.

Shańaraqtaǵı ortalıq onıń aǵartıwshılıq hám ádebiyatqa bolǵan qızıǵıwshılıǵınıń tezirek júzege shıǵıwına imkaniyat jarattı. Behbudiydiń ákesi islam huqıqtanıwı boyınsha iri qánige bolıp, bul baǵdarda kóplegen kitap hám qollanbalar jaratqan edi. Bul óz náwbetinde Mahmudxojaǵa tásir etpey qalmadı. Ol keyinirek bul haqqında aytıp, hátteki, maqalalarınıń birinde ákesi jazǵan "Hidoya" ("Islam huqıqına túsinikler") shıǵarması óziniń táǵdirinde úlken rol oynaǵanın ayrıqsha atap ótken.

Mahmudxoja Behbudiy ádebiyat, tariyx ilimleri menen bir qatarda siyasattanıw menen de turaqlı shuǵıllanadı. Gazeta hám jurnallar arqalı dúnyada júz berip atırǵan siyasiy waqıyalar menen jaqınnan tanısıp bardı. Mekkege barıw maqsetinde arab tilin úyrenip, islam tariyxı hám teoriyası menen shuǵıllandı. 1899-jılı hajǵa bardı hám muftiy ataǵına iye bolıp qaytıp keldi. Haj bánesi menen Egipet hám Stambul qalalarında boldı. Bul jerde dawam etip atırǵan reformalar sózsiz onıń dúnyaǵa kóz-qarasında burılıs jasadı. Sońınan Qazan hám Ufa qalalarında bolıp, Evropa mádeniyatı menen de qızıqtı. Sol dáwirde Qazan hám Orenburgta shıǵatuǵın arab álipbesindegi jurnal hám gazetalar menen birge islesken. Onıń bir qatar maqalalar da usı basılımlarda shıǵa basladı. Mektep, bilimlendiriw hám mádeniyat máseleleri jáne aǵartıwshılıq ideyalarınıń úgitnásiyatı bul maqalalardıń orayında turdı.

Atap aytqanda, qırım tatar alımı Ismayıl Gaspirali (Gaspirinskiy) hám ol bas redaktor bolǵan "Tarjimon" gazetası M.Behbudiydi ullı aǵartıwshı hám Túrkstan milliy jádidshilik baǵdarınıń atası dárejesine kóterdi.

Behbudiy dúnya kóz-qarasında Rossiyadaǵı eń abıraylı bolǵan kadetler partiyası aǵzaları menen ushırasıw hám olardıń háreketleri de tásiri úlken bolǵan.

1914-jılı jáne Túrkiya, Egipetke barıp, ol jerden áhmiyetli kitaplar, oqıw qollanbaların alıp keledi, jańa usıldaǵı mektep baǵdarlaması ústinde islewge kirisedi. Biraq, hár qıylı tosqınlıqlarǵa dus kelip, "jádidlerdiń qollawshısı," "dahriy" dep járiyalandı. Soǵan qaramastan, ol tatar oyshılı Ismayıl Gaspiraliydiń aǵartıwshılıq baǵdarındaǵı táliymatın qollap-quwatlap, óz úlkesinde de sonday jumıslardı ámelge asırıwǵa kirisedi hám kóp ótpey aǵartıwshı sıpatında óz xalqınıń húrmetine erisedi.

Ol bir qatar Shıǵıs hám Batıs tilleri menen joqarı mádeniyat iyesi bolıw menen birge, ulıwma insanıylıq mádeniyattıń tolıq úgit - násiyatlawshısı da bolǵan.

Álbette, Behbudiydiń xalıq arasında artıp baratırǵan abırayı tek ǵana ámirlik basshıları emes, al, bolsheviklerdiń de rejelerine hám niyetlerine qarsı edi. 1919-jıl 25-martta Behbudiy olardıń iltiması menen Shaxrisabzda qolǵa alınıp, sırlı túrde Qarshıda Said Álimxan pármanı menen óltirildi. Onıń óltirilgeni haqqındaǵı xabar sol waqıttaǵı paytaxt Samarqandqa tap bir jıldan keyin xabar etiledi. 1920-jıldıń aprelinde pútkil Túrkstan matam tuttı.

Sadriddin Ayniy alımnıń qayǵılı qaytıs bolıwı múnásibeti menen bılay dep jazǵan edi: "Japakesh shayır Behbudiydiń atın musılman Shıǵısı húrmet penen esleydi, sebebi ol 20 jıl dawamında óziniń sanası hám insan qádiri menen barlıq janzattı erkin turmıs, nur hám aǵartıwshılıq ushın gúreske shaqırıp keldi."

Onıń 1901-jıldan baslap "Túrkstan wálayatınıń gazetası," "Taraqqiy," "Xurriyat," "Turon," "Sadoi Túrkstan," "Najot," "Mehnatkashlar hawazı," "Tirik sóz," "Vaqt", "Samarqand," "Ayna" sıyaqlı gazeta hám jurnallarda basıp shıǵarılǵan maqalaları bolsa zıyalı adamlar hám ásirese, jaslardıń dıqqat-itibarın tartqan.

Behbudiy jazıwshı sıpatında "Padarkush" dramasın jaratqan. 1913-jılı Samarqand qalasında basıp shıǵarılǵan bul dramada ol jaslardıń (olar kámbaǵal yamasa bay shańaraqqa tiyisli bolsın) ilimli, mádeniyatlı bolıwı kerek ekenligin atap ótken.

M.Behbudiydiń "Padarkush" draması 1911-jılı jazılǵan bolıp, dáslep 1912-jılı "Turon" gazetasında basıp shıǵarılǵan. 1911-jılǵa kelip kitap halında basıp shıǵarılǵan. Bunnan soń, tez arada Samarqand, Buxara hám Tashkent teatrları saxnalarında atqarıldı. Drama kompoziciyalıq qurılısı boyınsha ápiwayı bolǵanı menen mazmun-ideya jaǵınan tásirli edi. Atap aytqanda, ondaǵı xarakter hám forma usı janr talaplarına júdá sáykes edi. Dramadaǵı qaharmanlar bolsa eki polyusta eki túrli háreket penen jasaydı. Bir tárepte bay, balası hám onıń gumashtalar bolsa, ekinshi tárepte domla, zıyalı obrazlar shıǵarma ideyasın ashıwda áhmiyetli orın iyeleydi. Ózbek dramaturgiyasına, ulıwma teatrına tiykar salǵan bul shıǵarma óz dáwirinde Abdulla Qádiriydiń "Baxıtsız kúyew" draması, Mirmuhsin Fikriydiń "Befarzand Ochildiboy," Hamza Hakimzada Niyaziydiń "Jańa saadat" sıyaqlı povestleriniń jaratılıwına túrtki bolǵan.

Ullı oyshıldıń xalqımız aldındaǵı xızmetleri itibardan shette qalmaǵan, álbette. Qarshı qalası 1926-1937-jılları Behbudiy atı menen atalǵan. 1977-jılı alımnıń "Tańlamalı shıǵarmalar" basıp shıǵarıldı. Shıǵarmaları sabaqlıq hám qollanbalarǵa kirgizilip, Tashkent hám Samarqand qalalarındaǵı mektep, kóshe hám máhálleler onıń atına qoyıldı. Ǵárezsizlik dáwirinde Mahmudxoja Behbudiydiń esteligin máńgilestiriw, ómiri hám jumısın tereń izertlew, ilimiy hám kórkem shıǵarmaların ǵalaba en jaydırıwǵa ayrıqsha itibar qaratılmaqta.

Ullı aǵartıwshı húrmetine 2006-jılı Samarqand qalasında estelik ornatılǵan. 2020-jılı Behbudiy ómirine baǵıshlanǵan film premerası bolıp ótti. Házirgi kúnde alım qaldırǵan bay hám ráń báreń ádebiy, mádeniy hám aǵartıwshılıq miyras óz xalqınıń ǵárezsizligine xızmet etpekte.

Ásirese, keyingi jıllarda Tashkent qalasındaǵı Jazıwshılar qıyabanında onıń úlken esteligi ornatılǵanı, Samarqand qalasında úy-muzeyi shólkemlestirilgeni mámleketimiz turmısında úlken waqıya sıpatında atap ótildi. Talantlı dramaturgler ushın Mahmudxoja Behbudiy atındaǵı sıylıq shólkemlestirilgeni usı joldaǵı jańa ámeliy qádem boldı.

Túrkstan jádidlik háreketiniń tiykarın salıwshısı, jámiyetlik ǵayratker, dóretiwshi hám pedagog Mahmudxoja Behbudiydiń tuwılǵan kúniniń 150 jıllıǵın keńnen belgilew hám ilimiy mirasın úyreniwde úlken áhmiyetke iye boldı.

**S.Sulaymanov,**
**tariyx fakulteti dekanı.**
**K.Najimov,**
**tariyx fakulteti jaslar menen islesiw, ruwxıylıq aǵartıwshılıq isleri boyınsha dekan orınbasarı.**

## JAS IZLENIWSHILER MENEN USHÍRASÍW

Ózbekstan Respublikası Joqarı bilimlendiriw, ilim hám innovaciyalar ministrligi janındaǵı Joqarı Attestaciya komissiyası baslıǵı A.Yusupov penen universitet janındaǵı ilimiy dárejeler beriwshi ilimiy keńesler hám ilimiy seminar baslıqları, xatkerleri, joqarı tálimnen keyingi tálimde oqıp atırǵan tayanısh doktorantlar, doktorantlar hám óz betinshe izleniwshiler menen ushırasıw bolıp ótti. Onda Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Keńesi baslıǵınıń orınbasarı B.Ótemuratov qatnastı.

Usharasıwdı Qaraqalpaq mámleketlik universiteti rektorı, akademik A.Reymov ashıp berdi hám basqarıp bardı. Májiliste Ózbekstan Respublikası Joqarı bilimlendiriw, ilim hám innovaciyalar ministrligi janındaǵı Joqarı Attestaciya komissiyası baslıǵı A.Yusupov shıǵıp sóylep, ilimiy tarawda keyingi jıllarda ámelge asırılıp atırǵan barlıq reformalar, is-ilajlar hám olardıń nátiyjeleri haqqında keńnen toqtalıp ótti. Solar qatarında, basqa joqarı oqıw orınları hám ilimiy izertlew mákemeleri menen birgelikte Berdaq atındaǵı Qaraqalpaq mámleketlik universitetinde de ilimiy-pedagog kadrlar tayarlawda universitet basshılıǵı, universitet janındaǵı búgingi kúnde jumıs alıp barıp atırǵan jámi 11 ilimiy dárejeler beriwshi Ilimiy Keńeslerdiń nátiyjeli jumısları haqqında keń túrde maǵlıwmatlar berildi. Bayanatshı, sonday-aq, doktorantlar, tayanısh doktorantlar hám óz betinshe izleniwshilerge ilimiy jumısların qorǵaw baǵdarında ele de keń imkaniyatlar jaratıw, solar qatarında hayal-qızlarǵa qosımsha jeńillikler, ilimiy keńesler jumıslarında ilimiy dárejelerge talabanlar ushın ilim qánigeliklerin ele de asırıw, búgingi kúnde jańadan ilimiy keńeslerdi shólkemlestiriw, sonday-aq, ilimiy izertlew baǵdarındaǵı jańalıqlar menen jıynalıs qatnasıwshıların keń mazmunda tanıstırıp ótti.

Jıynalıs joqarı shólkemleskenlik penen ótkerilip, jıynalıs dawamında universitet tayanısh doktorantları, doktorantlar hám óz betinshe izleniwshileri, ilimiy keńesler baslıqları hám aǵzaları tárepinen ózlerin qızıqtırǵan sorawlar, pikir hám usınıslar berilip, bul boyınsha bayanatshı hám shıǵıp sóylewshiler tárepinen unamlı juwaplar alındı.

## QÁNIGELER MENEN USHÍRASTÍ

Matematika fakultetinde shańaraqlı qızlar menen "Bekkem shańaraq-jámiyet tiregi" atamasında sáwbetlesiw keshesi ótkerildi. Ilajǵa shańaraqlı student qızlar hám “Salamatlıq hám strategiyalıq rawajlanıw institutı shıpakerleri T.Ganieva, U.Abdikarimova, M.Tureniyazovalar qatnastı.

Ótkerilgen ilajda universitet hayal-qızlar máseleleri boyınsha rektor másláhátshisi I.Seytnazarova ilaj qatnasıwshılarına Prezidentimiz tárepinen shańaraqtı qollap-quwatlaw baǵdarında islenip atırǵan jumıslar, shańaraqlı, perzentli student qızlar ushın “Ana-bala” xanaları shólkemlestirilgeni haqqında aytıp ótti.

Bunnan soń, nuranıy ana T.Qadirbergenova shıǵıp sóylep, jas shańaraqlı qızlarǵa óziniń turmıslıq tájiriybeleri haqqında aytıp berdi.

Shaqırılǵan qánigeler bolajaq ananıń salamatlıǵın asırawı, salamat perzentti dúnyaǵa keltiriwi, jámiyette bekkem shańaraq iyesine aylanıwına tiykar bolatuǵını haqqında túsinik berdi.

## Órt qáwipsizligi dáwir talabı

Mekeme hám kárxanalarda órt qáwipsizligi qaǵıydalarına qatań amel etiw hár birimizdiń eń baslı wazıypalarımızdan esaplanadı. Bul baǵdarda puqaralar arasında ugit - násiyat, túsinik jumısları hám kórgizbeli ushırasıwlar keń turde ótkerilmekte. Puqaralarımız turaq jaylarında órt qáwipsizligi qaǵıydalarına ayrıqsha itibar qaratıw lazımlıǵı boyınsha esletpeler tarqatıldı.

Respublikamız aymaǵında júz berip atırǵan órtlerdi analizlep qarasaq, órt qáwipsizligi qaǵıydalarına itibarsızlıq penen qarawı aqıbetinde payda bolǵan órtler teztez ushırasıp turadı. Ayrım turaq jaylarda ushırasıp atırǵan izolyaciya qabıǵı isten shıqqan hám elektr sımlarınıń jalǵanǵan jerleriniń ashıq halda bolıwı órttiń kelip shıǵıwına sebepshi boladı. Xalqımızda «Awırıwdı emlegennen, onıń aldın alǵan abzal», degen gap bar.

Sonlıqtan da ayrım puqaralar turaq jaylarındaǵı hám mekeme kárxanalarda kúndelikli paydalanıp atırǵan elektr úskenelerinen durıs paydalansa hám elektr sımlarınıń izolyaciyasınıń jaramlılıǵın tez - tez kózden ótkerip, kemshiliklerdi óz waqtında dúzetip barılsa, kewilsiz jaǵdaylardıń aldın alǵan bolar edik. Hár hápteniń sárshenbi kúni Respublikamız aymaǵında kewilsiz jaǵdaylarǵa alıp keletuǵınlıǵın xalıq arasında keń kólemde túsindiriw jumısları ótkerilmekte.

**M.Ayımbetov.**

## JASLAR AWQAMÍ BASLANǴÍSH SHÓLKEMINIŃ JETEKSHISI SÍYLÍQLANDÍ

Jaslar orayında Ózbekstan jaslar awqamı Qaraqalpaqstan Respublikası Keńesiniń joqarı oqıw orınlarındaǵı baslanǵısh shólkem jetekshileri qatnasıwında ushırasıw bolıp ótti.

Ushırasıwdı Ózbekstan jaslar awqamı Qaraqalpaqstan Respublikası Keńesi baslıǵı M.Kamalov kiris sóz benen ashıp berdi.

Ushırasıw dawamında ótken jılda jaslar siyasatında ámelge asırılǵan ilajlar dodalandı hám baslanıp atırǵan 2025-jıl ushın is-reje, aldaǵı wazıypalar belgilenip alındı.

Sonday-aq, ótken jıl dawamındaǵı belsendiligi ushın joqarı oqıw orınları baslanǵısh shólkem jetekshileri Jaslar awqamı tárepinen xoshametlendi. Onda Berdaq atındaǵı Qaraqalpaq mámleketlik universiteti jaslar awqamı baslanǵısh shólkeminiń jetekshisi D.Abadanov minnetdarshılıq, arnawlı statuetka hám estelik sawǵaları menen sıylıqlandı.

## JASLARDÍ MILLIY QÁDIRIYATLAR TIYKARÍNDA TÁRBIYALAW

Berdaq atındaǵı Qaraqalpaq mámleketlik universitetinde student-jaslardıń tálim - tárbiyası menen baylanıslı áhmiyetli máselelerdi dodalawǵa baǵıshlanǵan májilis bolıp ótti. Ilajda universitettiń Jaslar máseleleri hám ruwxıyıq - aǵartıwshılıq isleri boyınsha prorektorı S.Alauatdinov, rektor másláhátshisi T.Aytmuratov, fakultet dekanları, dekan orınbasarları, tyutorlar qatnastı.

Májilisti universitet rektorı A.Reymov kiris sóz benen ashıp, jaslar tárbiyası hám olardıń ruwxıy jetilisiwin támiyinlew, mámleketimiz siyasatınıń tiykarǵı baǵdarlarınan biri ekenin atap ótti. Ol óz sózinde jaslardıń hár tárepleme rawajlanıwı, olar ushın jaratılıp atırǵan imkaniyatlar hám sharayatlardıń áhmiyeti haqqında sóz etti. Ilaj dawamında rektor A.Reymov tómendegi tiykarǵı máselelerge itibar qarattı:

Studentlerdiń tálim-tárbiyası: Jaslardı milliy qádiriyatlar tiykarında tárbiyalaw, olarda watansúyiwshilik, milliy ózlik hám ruwxıy qádiriyatlarǵa húrmet ruwxında tárbiyalawdı atap ótti. Bul baǵdarda universitette ámelge asırılıp atırǵan ruwxıy - aǵartıwshılıq jumıslar haqqında tolıq maǵlıwmat berdi. Sonıń menen birge, jaslardıń bos waqtın mazmunlı shólkemlestiriw: Studentler ushın sport dógerekleri, dóretiwshilik, ilimiy hám texnikalıq sheńberlerdi keńeytiw arqalı olardıń bos waqıtların nátiyjeli ótkeriw máselesi dodalandı. Sonday-aq, bul baǵdarda universitette shólkemlestirilgen dógerekler jumısı mısal etip keltirildi.

Bunnan soń, studentler arasında huqıqbuzarlıqtıń aldın alıw, nızamlarǵa ámel etiw hám salamat turmıs tárizin úgit - násiyatlaw máseleleri dodalandı. Ilaj juwmaǵında qatnasıwshılar tárepinen bildirilgen pikirler hám usınıslar tiykarında jaslar tálim-tárbiyası boyınsha ilajlar rejesi islep shıǵılıwı belgilendi. Universitet rektorı májilis qatnasıwshılarıń jaslardıń bilim alıwına hám olar ushın salamat ortalıq jaratıwǵa ayrıqsha itibar qaratıwǵa shaqırdı.

Bul májilis universitet jámááti hám student - jaslar ushın áhmiyetli bolıp, tálim-tárbiya tarawında nátiyjeli islesiw ushın jańa baǵdarlardı belgilep berdi.

QARAQALPAQ UNIVERSITETI

REDAKTOR JARIMBETOVA JAMILA

ShÓLKEMLESTIRIWShI:
Berdaq atındaǵı Qaraqalpaq mámleketlik universiteti hám redakciyanıń miynet jámááti
Mákan jayımız:
Nókis qalası,
Ch.Abdirov kóshesi, 1-jay.

Avtordıń pikiri redakciyanıń pikiri esaplanbaydı.
Faktlerdiń haqıyqatlıǵına avtor juwapker.
Materiallar recenziyalanbaydı hám qaytarıp berilmeydi.

Basıp shıǵarıwshı:
Gazeta «Golden Print Nukus» juwapkershiligi sheklengen jámiyetiniń baspaxanasında basıldı.
230100. Nókis qalası, N.Saraev kóshesi, 1-jay

Gazetanı jazılıwshılarǵa jetkeriwde fakultetler dekanatı juwapker.

KALMENOVA PERIZAT tárepinen verstkalandı.

№622-buyırtpa menen basıldı

Bahası shártnama tiykarında.
Gazeta A-3, A-4 formatında ayına eki márte shıǵadı.
Tirajı 1000 dana.

Qaraqalpaqstan Respublikası Málimleme hám ǵalaba kommunikaciyalar basqarmasında qayta 2007-jıl 12-martta dizimge alındı.
Gúwalıq №01-017

INDEKS:
Puqaralar ushın 2020
Kárxanalar ushın 2021
Basıwǵa ruqsat etilgen waqtı 18-Yanvar, 2025-jıl